

Solisyon Sante Sipleman tè Nan Cigna Healthcare

Kijan pou soumèt yon reklamasyon.

Soumèt reklamasyon w lan byen rapid e byen fasil nan myCigna.com® oswa nan Aplikasyon myCigna® a*



Kijan pou prepare reklamasyon w lan

Gade **Claim Filing Checklists (Lis Verifikasyon pou Soumèt Reklamasyon)** pou nivo pwodwi yo pou jwenn enfòmasyon ak dokiman pou prepare anvan ou soumèt yon reklamasyon. Chak lis verifikasyon mete aksan sou dokiman espesifik ki nesèsè pou trete reklamasyon w lan. Yon fwa ou jwenn enfòmasyon ki nesèsè yo, ou ka kòmanse reklamasyon w la.

TI KONSÈY: Panse pou soumèt reklamasyon w lan apre w fin resevwa tout swen medikal ki gen rapò ak evènman medikal ou a. Ou ka soumèt reklamasyon w lan nenpòt lè pandan ane plan an.

Apre w fin soumèt

Yon fwa yo resevwa tout enfòmasyon yo mande yo, yon Konseye nan zafè Reklamasyon pral revize reklamasyon w la epi kontakte w si yo bezwen plis enfòmasyon pou trete reklamasyon an.

Kijan y ap enfòm m sou desizyon an?

Si yo apwouve reklamasyon an, w ap resevwa yon Eksplikasyon sou Avantaj (EOB) yo oswa yon lèt apwobasyon k ap fè w konnen desizyon an. Si yo rejte reklamasyon an, w ap resevwa yon EOB oswa yon lèt ki eksplike poukisa yo rejte reklamasyon an ak enstriksyon sou fason pou fè apèl kont refi a. Dokiman yo ap disponib nan seksyon estati reklamasyon an sou **myCigna**.

TI KONSÈY: Enskri pou depo dirèk pou resevwa peman pou avantaj ou yo pi vit. Yo peye w avantaj yo dirèkteman** atravè chèk oswa depo dirèk si w enskri.

Pou soumèt reklamasyon w lan anliy, byen fasil:

1. Konekte sou **myCigna.com**
2. Anba onglè "Coverage (Kouvèti)" ki anlè ekran an, chwazi "Supplemental Health (Sante Sipleman tè)"
3. Glise desann anba paj la epi klike sou "Submit a claim (Soumèt yon reklamasyon)"
4. Ranpli fòm anliy pou reklamasyon an

myCigna pèmèt ou tou:

- Enskri pou depo dirèk
- Gade enfòmasyon pèsonalize sou Plan Sante Sipleman tè
- Tcheke estati reklamasyon yo
- Siveye epi reponn korespondans yo
- Gade Eksplikasyon sou Avantaj (EOBs) yo

 **Konekte anliy nan myCigna.com oswa nan Aplikasyon myCigna® a pou soumèt yon reklamasyon.**

*Kliyan ki gen pi piti pase 13 lane yo (ak/oswa paran/responsab legal yo) p ap kapab enskri sou myCigna.com. Kondisyon aplikasyon/boutik sou entènèt ak frè konpayi telefòn mobil/done yo aplike.

**Yo ka peye avantaj yo dirèkteman bay nenpòt moun ou deziyen, pa egzanp yon lopital, nan ka yon deziyasyon.

RÈGLEMEN SA YO PEYE AVANTAJ LIMITE SÈLMAN. YO PA YON KOUVÈTI ASIRANS SANTE KONPLÈ EPI YO PA KOUVRI TOUT DEPANS MEDIKAL YO. KOUVÈTI SA A PA SATISFÈ "KOUVÈTI MINIMÒM ESANSYÈL" LA OSWA EGZIJANS MANDA ENDIVIDYÈL YO DAPRE LWA SOU SWEN ABÔDAB (AFFORDABLE CARE ACT, ACA) LA. KOUVÈTI SA A SE PA YON ASIRANS SIPLEMANTÈ MEDICAID OSWA MEDICARE.

Yo bay tout pwodwi ak sèvis Cigna Healthcare yo sèlman nan oswa atravè filyal operasyonèl The Cigna Group yo.

979643HC 03/24 © 2024 Cigna Healthcare. Kèk nan enfòmasyon nou bay yo sou lisans.

